# Къардэнгъущ1 Зырамыку илъэс 90 ирокъу



# Къардэнгъущ1ым и батырыбжьэ 10.01.1918гъ.



Мы гъэм
Къардэнгъущ1 Зырамыку
и ныбжьыр
илъэс 90 ирокъу

# ЩIым хэхуа жылэр къокI…



Псыгуэнсум и ц1эр дахэк1э зыгъэ1уам ящыщщ Къардэнгъущ1 Зырамыку.

1918 гъэм январым и 10 махуэм къалъхуащ, ауэ илъэс ныкъуэ мыхъуа щ1ык1э и адэр, илъэс 11 иримыкъуа щ1ык1э и анэр ф1эк1уэдащ.

Зырамыку адэ-анэншэу къэна щхьэк1э зеиншэ хъуакъым – и шынэхъыжь Мурид зришал1эри ип1ыжащ, гъуэгу захуэми тригъэуващ.

# Талант щэджащэ!



Ауэ сытми уегупсысыну, уи нэгу къыщ1эбгъэхьэну, зэбгъэзэхуэну урикъуни, классиибл ф1эк1а къэзэымыуха Псыгуэнсу къуажэм къыдэхъук1а щ1алэ ц1ык1ур Мэзкуу Лунэчарскэм и ц1эр зезыхьэ ГИТИС-м и студент зэрыхъуам.

Сталиным и стипендие кърату еджащ. А лъэхъэнэм щыгъуэщ Къардэнгъущ1ым япэ адыгэ драмэ «Къанщобийрэ Гуащэгъагъэрэ» щитхари.

ГИТИС-р диплом плъыжьк1э къиухащ.

# Бзаджэм уемыуалӀэ, лӀыгъэм уримыбий!



1940 гъэм Зырамыку актеру мазитху нэхъ мылажьэу Дзэ плъыжьым къулыкъу щищ1эну яшэ.

Десант бригадэм хэту Борисполь къалэм къулыкъур щрихьэк1ыу 1941 гъэм Хэку зауэшхуэм щ1едзэ. А гъэ дыдэм Къардэнгъущ1ыр зыхэт дзэр фашистхэм къаухъуреихь, Зырамыку у1эгъэ хьэлъэ мэхъури гъэрып1эм йохуэ.

1944 гъэм  Зырамыку нэмыцэ1уэм къок1уэсык1ыжри ди дзэм къыхохьэж.

Зырамыку Хэку зауэшхуэм и орден къратащ.

# Адыгэ Iуэрыlуатэм и тхьэмадэ!



1949 гъэм Къардэнгъущ1ыр Шортэным хешэ 1уэры1уатэ зэхуэхьэсыным. Абы иужьк1э Зырамыку хэмыту экспедицэ куэд иригъэжьакъым ди щ1эныгъэхутэ институтым.

1941 гъэм иужьк1э КъБНИИ-м адыгэбзэк1э къыдигъэк1а 1уэры1уатэ тхылъхэр Шортэнымрэ Къардэнгъущ1ымрэ здащ1а лэжьыгъэщ.



# Адыгэ Iуэрыlуатэм и тхьэмадэ!



1950 гъэм къыдэк1а «Нартхэр» тхылъым и макетыр зэхалъхьэ.

Кхъуэ1уфэ Хьэжбат, Бищ1о Аслъэн, Албэч 1эуес, Къардэнгъущ1 Зырамыку сымэ.

# Дыщэр дыщэпс хуэныкъуэкъым!

1981 гъэм къыдэк1ащ профессор Гиппиус и редакцэм щ1эту антологием и томипл1. абы хыхьэу уэрэд макъамэхэу 414 –м щыщу Къардэнгъущ1ым жи1эу ятхыжа уэрэдыр 45 мэхъу. Езым къилъыхъуэжурэ магнитофонк1э итхыжауэ 118 мэхъу. Нэгъуэщ1у жып1эмэ тхылъипл1ым я 1ыхьэ бгъуанэр Зырамыку жи1а уэрэдхэрщ, я 1ыхьэ щанэмрэ ныкъуэмрэ къилъыхъужа уэрэдрэ макъамэрэщ.









# ЛIым и гуащIэр и пщIэщ!



Адыгэ уэрэдыжьыр къи1этыжу радиом, телевиденэм, концерхэм щ1эзыхьар Къардэнгъущ1 Зырамыкущ. Ар Зырамыку и 1уащхьэмахуэхэм язщ.

Бзэм теухуауэ научнэ сессием хэтахэр.



Научнэ къэхутак1уэ институтым Темыркъан Юрэ къэрагъэблэгъауэ.

# Дызэрыгушхуэ нэхъыжьыфI!



Жы1эн хуейщ Зырамыку и къэхутэныгъэм пщ1э ин зэригъуэтар. Ар – КъБР-м и ц1ыхубэ артистщ, КъБР-м, АР-м гъуазджэмк1э, щэнхабзэмк1э щ1ыхи зи1э я лэжьак1уэщ, КъБР-м и Совет нэхъыщхьэм и Президиумым и Щ1ыхь тхылъыр т1эунейрэ къыхуагъэфэщащ. Аркъудейкъым – Зырамыку Къардун Изэт и саугъэтым и лауреатщ.

# КъардэнгъущІхэ я лъэпкъ жыг!



# Iумахуэ!!!



Уи макъ дахэм дэнк1и
къыщилъэтыхьу,
Уи щ1ыхь иным дэни
щытепсэлъыхьу,
Тепсэлъыхь пэтми, яхуэмыухыу,
Къыптетхыхь пэтми, нахуэмытхысу,
Лъэпкъ псо къызэрыпхьэхуфар
нэрылъагъурэ,
Нэрылъагъум и щэхур
къахуэмыхутэу, Къахуэмыт1эщ1у,
Уэ, а псом зыри хыумыщ1ык1 хуэдэ,
Хэбгъахъуэрэ гухэхъуэгъуэр уи1э
зэпыту - Илъэсищэм ущхьэдэхыну
ДО-ХЪУА-ХЪУЭ!!!